

Kowonaviris (COVID-19): Tès Viral

Ki sa rezilta w yo vle di?

KISA YON TÈS VIRAL POU COVID-19 YE?

- Tès viral pou COVID-19 la se yon tès pou enfeksyon akyèl la pou detèmine si w genyen COVID-19 **nan moman**.
- Tès viral pou COVID-19 la verifiye echantiyon ki soti nan sistèm respiratwa w yo (tankou prelevman nan nen an).



KI SA YON TÈS POZITIF VLE DI?

- Yon tès pozitif vle di ou gen COVID-19 **nan moman** an.
- Ou ta dwe rete lakay ou, mete tèt ou apa epi kontwòle sentòm ou yo jiskaske ou santi w byen pandan omwen 10 jou.



KI SA YON TÈS NEGATIF VLE DI?

- Yon tès negatif vle di ou pa t gen enfeksyon COVID-19 la nan moman ou pran echantiyon w lan.
- Yon tès negatif **pa** vle di ke ou pap malad.
- Petèt ou te nan kòmansman enfeksyon w lè yo te pran echantiyon w lan e tès ou a ka pozitif pita.
- Ou ta ka vin ekspozè pita epi vin devlope maladi a.
- Suiv etap sa yo pou pwoteje tèt ou ak lòt moun.





- Rete lakay ou otan ke posib epi limite vizit w ap resewva lakay ou (yo ka te ekspoze ak viris la men yo pa montre sentòm).



- Eseye kite lakay ou sèlman pou al nan episri ak nan makèt ak founiti ki esansyèl.



- Lè w ap kite lakay ou, mete yon mask an twal.

- Evite kontak dirèk ak moun ki pa moun lakay ou. Kenbe yon distans 6 pye de lòt moun.



- Netwaye men w souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn. Si dlo ak savon pa disponib, sèvi ak dezenfektan pou men (hand sanitizer).



- Kouvri bouch ou lè w ap touse ak lè w ap etènye.



- Netwaye epi dezenfekte sifas moun manyen chak jou yo.



- Si w santi ou malad, rete lakay ou epi izole tèt ou parapò ak lòt moun nan kay la. Pa al travay.



- Rete lakay ou, eksepte pou jwenn swen medikal. Pa al travay.



- Mete tèt ou apa parapò ak lòt moun nan kay la, se sa yo rele izolasyon nan kay. Eseye dòmi nan yon chanm separe epi sèvi ak yon twalèt ki separe ak lòt moun nan kay la.



- Rele doktè w la alavans avan w pase.

- Si w malad, mete yon mas pou vizaj lè w ozalantou lòt moun.



- Kouvri bouch ou lè w ap touse ak lè w ap etènye ak yon sèvyèt. Jete sèvyèt yo menm kote a.



- Netwaye men w souvan. Itilize savon ak dlo pandan 20 segonn ak dezenfektan pou men (hand sanitizer) si pa gen savon ak dlo.



- Evite pataje bagay pèsònèl moun lakay ou (tankou asyèt, gode, istansil, sèvyèt, oswa kabann ak lòt moun nan kay la).



- Netwaye epi dezenfekte tout sifas "moun manyen souvan" chak jou (tankou telefòn, remòt kontwòl, kontwa, tab, manch pòt, twalèt, tablèt ak tabdeni)



- Kontwòle sentòm ou yo chak jou.

Pou kounye a, pa gen okenn vaksen pou anpeche maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) la.

Rele 911 si w gen yon ijans medikal:

Si ou gen yon ijans medikal epi ou bezwen rele 911, fè operatè a konnen ou gen COVID-19 oswa ou panse ou ta ka genyen l.